

Kòd ki pa ka Dechifre a

Kesyon Esansyèl: *Kouman anpil diferan group kontribiye pou yon menm koz?*

Essential Question: How do different groups contribute to a cause?

Jones kouri vit al kache nan plas ideyal li a ant pyebwa piyon yo ak gwo miray wo nan kanyon an. Se la li santi l an sekirite. Li konnen yo gen pou vin chèche l, men pyès moun pa ka fè l soti la.

Toudenkou, li tande yon vwa byen fò di l: «Kouman, li poko lè pou fè malèt ou!»

John louvri je l gran, epi li wè granpè l anwo yon chwal. Granpè a di l ankò: «Lekòl pral louvri nan kèk jou, ou dwe ale John.» John di: «Non. Mwen vle rete avè w, Granpè.» Malgre Granpè fè John konnen li pral retounen ann ete lè gen vakans, John te di non li pap monte nan pikòp bòpè li a ki pral vini nan inèdtan. Granpè a di: «Tout bagay pral pase byen pou wou! Ou genyen yon Kòd ki Endechifrab.» John mande: «Sa sa vle di, Granpè?»

Granpè a fè yon ti pale ak John nan lang Navajo pou li ka esplike l kouman Kòd ki pa ka Dechifre sa te sove lavi li nan dezyèm Gè Mondyal la. Zepòl John vin tonbe. Li di: «Navajo pa ka ede m. Pa gen moun nan nouvo lekòl mwen an ki pale lang sa. Epi, mwen byen kwè m bliye pale Navajo.» Granpè reaji pou di li, «Ou pa dwe janmen bliye pale Navajo. Kwè m si w vle depi laj senkan, nan pansyon gouvènman kote m te ye a, yo tap fòse m pale Angle olyede Navajo. Yo fè m moule anpil boul savon chak fwa mwen pa **Pale Angle**. Men mwen reziste anpil paske Navajo se lang mwen.»

Granpè kontinye pale kon sa: «Finalman, yon jou pandan lannuit, mwen tande nan bilten radyo lekòl la yon nòt yo li nan radyo ki di: “Nou bezwen moun ki pale Navajo ak Angle kouraman pou yon dyòb espesyal nan kò Marin nan. Moun nan dwe gen ant disèt ak ven tan. Epi li dwe gen bon kondisyon fizik.” Se te yon bèl okazyon pou mwen. Nan demen, mwen fè anrejistre non mwen». John di: «Ou poko te gen disètan lè sa Granpè.» Li reponn: «Nan epòk sa, Rezèv la pat gen dosye laj moun. De semèn apre, yo te gen tan voye m ak 28 lòt Navajo nan «Boot Camp». Se te premye fwa mwen kite Kat Mòn Sakre a».

Kesyon: *Poukisa Granpè kite pansyona lekòl la?*

John mande Granpè si l te pè. Li di “Wi” paske li pat konnen nan ki misyon li ta prale. Answit mwen pat konnen kouman sa ta pral ye pou mwen ak lòt moun nan gwoup la paske mwen te toujou tande y ap di anpil bon bagay sou yo. Men se te ploton pa nou an ki te pi koryas. Nou pat janm gen pwoblèm pou egzèsis long, monte mòn, mache nan dezè Kalifòni an ak yon gwo sak sou do nou epi suiv antrènman pou sivi anpil jou san manje.

Te gen yon wikenn menm, yo mete nou nan otobis epi y ale ak nou San Diego. Yo di nou se nan yon misyon sekre nou ye. Nou pa dwe pale ak pèsonn. Lang yo pral sèvi nan misyon sa se lang Navajo. Nou ri lè nou tande sa. Yo di se sèl fason pou Japonè yo pa entèsepte ak dekòde mesaj ameriken yo. Lang Navajo a tounen yon zam sekre. Yo bannou plis pase desan tèm militè pou nou mete nan kòd. Puisse kòd yo dwe senp epi rapid, nou chwazi mo nan lanati nou kapab sonje epi nou kreye pwòp alfabè nou pou lang Navajo a ki pat genyen youn.

Kesyon: *Kouman solda Navajo yo kreye yon kòd?*

«Mwen te aprann tout tip operasyon ki gen nan radyo. Mwen kapab demonte yon radyo pyès pa pyès epi remonte l ankò menm jan an ak zye m bande. Japonè yo goumen lannuit, se sak fè nou dwe fè preske tout travay nou nan fènwa. Ofisye marin yo teste epi reteste kòd la pandan plizyè fwa. Nou toujou reyisi. Mesaj yo te transmèt avek presizyon ansanm ak rapidite. Rezilta bon travay sa fè gouvènman wè nesese pou l rekrite desan Navajo imedyatman. De nan gwoup nou an rete dèyè pou antrene yo. Lòt rès nou yo kontinye ak travay la.» John di: “Rakonte m kouman batay la te ye” Figi granpè chanje tousuit. Li di: “Mwen prefere kite tout sa m te wè dèyè a kote yo ye a. Mwen pa vle kay mwen ak fanmi mwen touche foto sa yo. Nou atake byen bonè yon zile ki te bèl anpil. Zile sa te brile epi li te plati rapyetè. Mwen te oblije kouri nan dlo pou m evite bal ki t ap vole pase bò zòrèy mwen. Mwen raple m manke tonbe nan yon twou bonm. Mwen fè tout sa m kapab pou m rete an vi. Lè m vini sou plaj la, te gen yon ti rivyè byen klè ki tap koule vin ladan l. Vè midi li te wouj ak san.

Sa ki te pi di pou mwen, se lè m wè mwen oblije pase sou solda ki mouri yo pandan m ap kouri san m pa ka di yo “padon”. Mwen te dwe deplase detanzantan nan jeng lan pou m radyodifize an kòd ak lòt moun ki pale an kòd tou. Gen yon solda Ameriken ki pran m pou yon espion. Li mande m si m konnen sa yo fè ak espion. Malgre mwen di se Ameriken mwen ye epi m montre l inifòm mwen, li pat vle kwè m. Erezman youn nan bon zanmi myo kouri soti nan bwa a pou vin sove m anba men solda sa. John mande l kouman li fè siviv pandan tout rès tan sa. Li di li kwè li te gen yon pwoteksyon espesyal ak yon siwo mayi li te toujou gen sou li nan yon bous twèl. “Se vre anyen pat janmen touche m. Japonè yo pat fouti pèse sekrè kòd la. Menm lè yo te vin dekouvri se nan lang Navajo kòd nou kominike a te ye, yo pat janm jwenn moun ki pale ak konprann kòd nou itilize a.” Yo te vin kaptire yon peyizan Navajo. Yo t ap tètire l pou l kapab di yo kisa mo “ze”, yo tande nan yon mesaj yo entèsepte, vle di. Pòv malere sa te di yo nou t ap pale sou manje nou pran pou dejene alòske mo sa vle di “bonm” nan langaj kòd nou an.

Simwa anvan lagè a fini, itilizatè kòd Navajo yo te pase plis pase uisan mesaj nan de jou pou envazyon Iwo Jima a. Lè drapo Ameriken an te plante nan tèt mòn Iwo Jima a, se nan kòd Navajo a mesaj viktwa sa tal jwenn flòt Ameriken an. Kòd la te vini ak mo Angle ki koresponn an Kreyòl konsa: Mouton-Tonton-Belye mouton-Glas-Lous-Foumi-Chat-Cheval-Lagrattel. John ap eseye eple chak lèt inisyal yo youn dèyè lòt. Li di: «Suribachi». Granpè reponn ni, “ Wi, Mòn Suribachi”.

«Lè m retounen lakay, mwen mache douz mil distans estasyon bis la ak isit la. Pat gen parad ni fèt. Yo te pase m lòd pou m pat janm pale pyès moun istwa kòd la. Mwen gade bafon Kanyon an epi m di mwen p ap janm kite l ankò. «Men poukisa w te kouri ale vit konsa», John mande l. Li di: “Kòd la bay repons la. Amerik te gen non kòd li, “Manman nou”. Ou goumen pou sa w renmen. Ou goumen pou sa k pou wou». Granpè pase janm ni dèyè John epi li kenbe brid cheval la. Li di l: «Pran bous mwen an. L a fè w sonje kòd ki pa ka dechifre a ki te sove peyi nou yon fwa.»

John kenbe bous la byen di nan yon men tandiske lòt men an te mare ak krinyè chwal la. Li pat pè ale kote nouvo sa ankò. Granpè li te di l ki jandemoun li te ye epi kisa l ap toujou gen avè l. Limenm se pitit pitit youn nan moun ki konn pale kòd Navajo ki te ede sove peyi a yon fwa ak lang sa.

Poze epi reponn kesyon sa: *Kouman istwa Granpè a afekte John?*